



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON REPREZANTAN ANTONIO DELGADO KÒM GOUVÈNÈ ADJWEN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke l ap nonmen Reprezantan Antonio Delgado pou sèvi kòm Gouvènè Adjwen New York. Reprezantan Delgado aktyèlman reprezante 19yèm Distri Kongrè New York la, ki gen ladan Hudson Valley ak Catskills. Delgado se Afwo-Latino, premye moun koulè ki pral reprezante Rejyon Nò Eta New York nan Kongrè a ak yon manm Pati Nwa ak Ispanik Kongrè a.

"Mwen fyè pou m nonmen Antonio Delgado, yon lidè eksepsyonèl ak fonksyonè piblik, kòm Gouvènè Adjwen New York epi mwen pa ka tann pou m travay avèk li pou inogire yon nouvo epòk jistis, ekite ak pwospèrite pou kominote yo nan Eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pataje yon kwayans nan travay ansanm pou reyalize bagay yo pou Nouyòkè yo epi Reprezantan Delgado gen yon dosye enkwayab nan sans sa nan Kongrè a. Avèk Antonio Delgado bò kote mwen k ap sèvi kòm Gouvènè Adjwen, nou tou de pral fè istwa - ak fè ladiferans".

"Nouyòkè yo merite yon Gouvènè Adjwen k ap travay lajounen ak lannuit pou amelyore lavi pou moun k ap travay ak fanmi yo", **Reprezantan Delgado te deklare.** "Rejyon nò, rejyon sid, se pa sa ki enpòtan. Nou tout vle menm bagay yo, sekirite, fanmi ak opòtinite. Kle a se tandè Nouyòkè yo depi tout kote epi pi reprezante vwa yo pou fè travay la".

Reprezantan Delgado, yon natif natal New York, te grandi nan Schenectady ak viv nan Rhinebeck avèk madanm li, Lacey, ak pitit gason jimo uit ane li yo, Maxwell ak Coltrane. Li te patisipe nan Colgate University epi te genyen yon Bous Detid Rhodes pou Oxford. Apresa, li te resevwa diplòm avoka li nan Harvard Law School, kote li te rankontre Lacey. Li te viv nan Vil New York pandan plizyè ane kòm yon jèn avoka.

Nan Kongrè a, li te mennen batay pou sèvi elektè li yo - bay soulajman pou fèm fanmi yo, ede ti biznis yo rekonstwi ak pwospere, kreye travay nan enèji pwòp, ogmante aksè ak wo debi epi sipòte veteran nou yo. Nan Kongrè, li te travay avèk tou de pati yo pou fè bagay yo avanse pou Nouyòkè yo. Li te gen 18 pwojè lwa ke Prezidan tou de pati yo te adopte. Li te adopte refòm enpòtan ki gen ladan Lwa sou Ranfòsman Èd Finansye pou Elèv ak Lwa sou Amelyorasyon Avantaj pou Veteran Neglije yo, Lwa sou Sipò Dirèk pou Kominote yo ak Lwa sou Aksesibilite pou Sekou Ti Biznis yo.

Reprezantan Delgado te okipe plis pase 65 meri pandan de manda li yo nan biwo atravè tout 11 konte yo nan 19yèm Distri a. Reprezantan Delgado angaje tou pou li asire transparans ak aksesibilite epi te kreye kat komite konsiltatif bipatit, lokal sou priyorite ki enpòtan pou NY-19, sa gen ladan Ti Biznis, Agrikilti, Swen Sante ak Veteran.

Li te premye eli nan Kongrè a an 2018. Reprezantan Delgado se Prezidan Sou-komite Agrikilti Chanm lan sou Echanj Machandiz, Enèji ak Kredi epi li sèvi nan Komite Ti Antrepriz ak Transpò ak Enfrastrikti Chanm lan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)